SOVE LAVI W:

Resevwa Swen pou Siy Danje APRE AKOUCHMAN sa yo

Pifò fanm ak moun pòsnatal ki akouche yo geri san pwoblèm. **Men nenpòt moun kapab gen yon konplikasyon jiska yon lane apre akouchman.** Lè w aprann rekonèt siy avètisman APRE AKOUCHMAN sa yo epi w konnen kisa pou w fè, sa ka sove lavi w.

Fè entwisyon w konfyans.
TOUJOU chèche jwenn swen medikal si w pa santi w anfòm oubyen si w gen kesyon oubyen enkyetid.

Rele 911
si w gen:

- ❑ **D**oulè nan pwatrin
- ❑ **P**aka respire oswa souf kout
- ❑ **K**riz
- ❑ **G**en lide fè tèt ou mal oswa lòt moun

Rele pwofesyonèl swen sante w la
si w gen:
(yon sèl siy kont)

(Si w pa ka jwenn pwofesyonèl swen sante w la, rele 911 oubyen ale nan sal ijans)

- ❑ **E**moraji, mouye yon kotèks antranp chak inèdtan, oswa boul san ki gwosè yon ze oubyen ki pi gwo
- ❑ **E**nsizyon ki pa geri
- ❑ **J**anm ki tou wouj oubyen ki anfle, ki fè mal oubyen ki cho lè w manyen yo
- ❑ **T**anperati 100.4°F oubyen plis, oubyen 96.8°F oubyen mwens
- ❑ **T**èt fè mal ki pa janm pase, menm apre w fin pran medikaman, oubyen gwo tèt fè mal ki vin ansanm ak chanjman nan vizyon w

Di 911 oubyen pwofesyonèl swen sante w la:

"Mwen te akouche nan dat _____ (dat)

epi mwen genyen _____." (siy danje espesifik yo)

Eskane la a pou telechaje feyè sa a nan plizyè lang.

Siy avètisman apre akouchman sa yo ka menase lavi w si w pa resevwa swen medikal touswit paske:

- **Doulè nan pwatrin, paka respire oubyen souf kout** (difikilte pou pran souf) gendwa vle di ou gen yon boul san nan poumon w oubyen yon pwoblèm kè
- **Kriz** gendwa vle di ou genyen yon maladi ki rele eklanmsi
- **Gen lide fè tèt ou mal oubyen lòt moun mal** gendwa vle di ou gen depresyon pòsnatal
- **Emoraji (pèdi anpil san)**, mouye plis pase yon kotèks antranp nan inèdtan oubyen lè w rann yon boul san ki gwosè yon ze oubyen ki pi gwo, gendwa vle di ou gen yon emoraji obstetrikal
- **Ensizyon ki pa geri, si w wè po w vinn pi wouj oubyen w ap bay pij** kote yo te ba w sizo a oubyen kote ou te fè sezaryèn lan, gendwa vle di w gen yon enfeksyon
- **Woujè, anfleman, sansasyon chalè oubyen doulè** nan zòn jarèt ou, gendwa vle di ou gen yon boul san ki bloke sikilasyon w
- **Tanperati 100.4°F oswa plis, oswa 96.8°F oswa mwens,** ekoulman nan kilòt oubyen pèt san ki gen move lodè gendwa vle di ou gen yon enfeksyon
- **Tèt fè mal (ki douloure anpil), chanjman nan vizyon oswa doulè nan vant ki sitiye nan pati adwat epi anwo**, sa ka vle di ke w gen tansyon ki wo oswa yon pre-eklanpsi apre akouchman

AWHONN
PROMOTING THE HEALTH OF WOMEN AND NEWBORNS

Pwogram sa a jwenn sipò finansye nan men Merck, atravè Merck for Mothers, ki dispoze $500 milyon, pandan 10 lane, pou ede kreye yon mond kote fanm pa mouri lè y ap bay nesans. Merck for Mothers travay nan peyi Etazini ak Kanada, nan lòt peyi yo rekonèt li sou non MSD for Mothers.

AWHONN remèsye Kenvue pou sipò komèsyal li founi pou tradiksyon dokiman sa a.

©2023 AWHONN. Tout dwa rezève. Li otorize pou w fè otan kopi ke w vle pou edikasyon pasyan yo sèlman. Pou tout lòt demann repwodiksyon, tanpri kontakte permissions@awhonn.org.

16005